



TI KONSÈY | pou paran timoun ki poko nan jaden danfan

Kòmnanse li bonè pou yo epi li toutan. Laj kritik pou timoun nan aprann renmen li, se lè li toupiti. Li pa janm twò bonè pou w kòmnanse li pou pitit ou! Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèt li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon ti konsèy chak semenn. Swiv pou w wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ Li ansanm chak jou.

Li pou pitit ou chak jou. Pwofite de ti moman sa yo pou w sa mete chalè ak amizman nan anbyans la kote nou toulede kapab fè ti kwoke byen fò.

■ Bay tout bagay yon non.

Pale pitit ou de mo ak objè ki enteresan pou w sa amelyore vokabilè li. Pa egzanp, "Gade avyon sa a! Sa yo se zèl avyon an. Poukisa ou panse ke yo rele yo zèl?"

■ Di kijan ou pran plezi lè wap li.

Fè pitit ou konnen ke w renmen li avèk li. Pale de "lè pou ti istwa" tankou l se moman w pito nan jounen an.

■ Li ak eksitasyon nan vwa w.

Li pou pitit ou ak yon vwa ki gen imou epi ekspresyon. Itilize plizyè vwa. Fèl trè koull!

■ Konnen kilè pou w sispann.

Mete liv la sou kote pandan yon ti moman si pitit ou pa enterese ankò oswa si li pap swiv.

■ Patisipe tou.

Diskite sa kap pase nan liv la, montre bagay sou paj la, epi poze kesyon.

■ Li epi rekòmnanse ankò.

Ou te mèt li liv pitit ou pito a ankò menm rive 100 fwa! Pale de ekri tou. Eksplike pitit ou kijan nou li de goch a dwat epi kijan yo itilize espas pou separe mo yo.

■ Montre l mo ki ekri toupatou.

Pale de mo ekri ke ou wè nan lemnou toutotou w. Mande pitit ou a pou l jwenn yon nouvo mo, chak fwa nou soti.

■ Fè yo evalye pitit ou.

Tanpri asire w ke w wè pedyat oswa pwofesè pitit ou san pèdi tan si ou gen dout sou kijan pitit ou ap devlope nan pale li, nan tandè li oswa nan jan li wè.

www.ColorinColorado.org

Enfòmasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen siksè!





TI KONSÈY | pou paran timoun ki nan jaden danfan

Jwe ak lèt, mo, epi son! Lè w amize w avèk langaj, sa ede pitit ou aprann jwenn kòd pou lekti a. Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèl li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon ti konsèy chak semenn. Swiv pou w wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ Pale ak pitit ou.

Mande pitit ou pou l pale de jounen l te pase nan lekòl la. Ankouraje l pou l eksplike yon bagay yo fè, oswa yon jwèt li jwe pandan rekreyasyon.

■ Di kèk ti fraz konplike byen vit san w pa fè erè (tongue twister, nan lang Angle).

Chante kèk chante, li liv ki rime, epi di kèk ti tongue twisters ki fè moun ri. Sa ede timoun yo pou yo rekonèt rapidman son ki nan mo yo.

■ Li l epi fè eksperyans la.

Fè koneksyon ant sa pitit ou li a avèk sa kap pase nan lavi reyèl la. Si wap li yon liv sou bèt, asosye l avèk dènye fwa w te ale nan zou.

■ Sèvi ak non pitit ou a.

Fè koneksyon ant lèt epi son yo. Di "Jan, mo *janbon* an kòmmanse ak menm son avèk non w *Jan, janbon*. Epi toulede kòmmanse ak menm lèt, J a."

■ Jwe ak maryonèt.

Jwe jwèt langaj ak maryonèt. Fè maryonèt la di, "Mwen rele Mak. Mwen renmen mo ki rime ak non mwen. Èske *lak* rime ak *Mak*? Èske *bal* rime ak *Mak*?"

■ Trase epi di lèt yo.

Fè pitit ou itilize yon dwèt li pou l trase yon lèt pandan lap di son lèt la. Fè sa sou papye, nan sab, oswa sou yon asyèt ki gen sik ladan l.

■ Ekri li.

Mete papye ak kreyon yo la sou plas pou pitit ou ka sèvi ak yo pou l ekri. Pandan nap travay ansanm, ekri yon fraz oswa de (2) fraz sou yon bagay espesyal. Ankouraje l pou l sèvi ak lèt ak son lap aprann lekòl yo.

■ Jwe jwèt son.

Pratike melanje son pou yo vin tounen mo. Mande "Èske w ka devine kisa mo sa a ye? *m-ò-p*." Trennen sou chak son plis pase jan ou ta dwe fè l nòmman.

■ Li epi rekòmanse ankò.

Ou te mèt li liv pitit ou pito a ankò menm rive 100 fwa! Pandan wap li, fè yon kanpe epi mande pitit ou kisa kap pase nan liv la.

■ Pale de lèt ak son.

Ede pitit ou aprann non lèt epi son lèt yo fè. Fè sa tounen yon jwèt! "Map panse a yon lèt e li fè son *mmmmmm*."

www.ColorinColorado.org

Enfòmasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen siksè!





TI KONSÈY | pou paran timoun ki nan premyè ane

Bay pitit ou a anpil opòtinite pou l li awotvwa. Ankouraje jenn lektè w la pou l pratike chak jou! Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèt li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon ti konsèy chak semenn. Swiv pou w wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ Pa kite lakay ou san yon liv.

Pote yon liv oswa yon magazin nenpòt lè pitit ou gen pou l tann, tankou nan biwo yon doktè. Toujou eseye chèche yon ti tan pou fè lekti!

■ Yon sèl fwa pa ase.

Ankouraje pitit ou pou l re-li liv ak powèm li pito yo. Lè timoun re-li yon bagay, sa ede yo li pi vit epi pi byen.

■ Chèche fouye pi fon nan istwa a.

Poze pitit ou kesyon sou istwa w fèk li a. Di yon bagay tankou "Poukisa ou panse Klifòd fè sa?"

■ Pran kontwòl televizyon an.

Li trè difisil pou lekti an konpetisyon ak televizyon epi jwèt videyo. Ankouraje lekti tankou yon aktivite detant.

■ Pran pasyans.

Lè pitit ou ap eseye pwononse yon mo ke l pa konnen, ba l tan pou l fè sa. Fè pitit ou sonje pou l byen gade premye lèt oswa lèt yo nan mo a.

■ Chwazi liv ki nan bon nivo a.

Ede pitit ou chwazi liv ki pa twò difisil. Objektif la se pou bay pitit ou anpil bon eksperyans nan lekti.

■ Jwe jedemo.

Fè pitit ou pwononse mo a pandan wap chanje li de *plat* a *chat* a *dat*; de *dat* a *dal* a *dam*; epi de *dam* a *dim*.

■ Mwen li pou ou, ou li pou mwen.

Youn apre lòt li awotvwa anvan pitit ou al dòmi. Timoun jwi tan espesyal sa a ak paran yo.

■ Korije jenn lektè w la dousman.

Lè pitit ou fè yon erè, montre li, san ou pa move, lèt li bliye oswa li mal pwononse yo. Plizyè nan lektè ki fèk ap li yo, eseye jwenn sa yon mo vle di, toudepan de premye lèt ki nan mo a.

■ Pale, pale, pale!

Pale ak pitit ou chak jou de lekòl epi de bagay kap fèt nan kay la. Lage detwa mo ki enteresan nan konvèsasyon an, epi travay sou mo ke w te deja pale de yo.

■ Ekri, ekri, ekri!

Mande pitit ou pou l ede w ekri lis makèt la, pou l ede w ekri yon ti lèt pou di grann li mèsi, oswa pou kenbe yon ti jounal de bagay espesyal ki pase lakay ou. Lè wap ekri, ankouraje pitit ou pou l sèvi ak sekans lèt ak son lap aprann lekòl la.

www.ColorinColorado.org

Enfòmasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen siksès!





TI KONSÈY | pou paran timoun ki nan dezyèm ane

Jwenn fason pou w li, ekri, epi rakonte istwa ansanm ak pitit ou. Toujou bat bravo pou jenn lektè ak jenn ekriven istwa w lan. Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèt li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon nouvo ti konsèy chak semenn. Swiv pou wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ Rakonte ti istwa sou fanmi w.

Timoun renmen tande istwa sou fanmi yo. Pale de yon bagay komik ki te rive lè w te jenn.

■ Kreve yon bwat zouti pou ekri.

Ranpli yon bwat ak materyèl pou desinen epi pou ekri. Chèche opòtinite pou pitit ou ka ekri, tankou nan fè lis makèt, lèt pou di mès, oswa kat bonn fèt.

■ Se oumenm ki pou fanatik #1 pitit ou.

Mande pitit ou pou l li awotvwa sa l ekri pou lekòl la. Se pou w byen enterese tande l.

■ Yon lòt fwa ak anpil emosyon.

Lè pitit ou pwononse yon mo li pa konnen, fè l re-li fraz la. Trè souvan timoun sitèlman okipe ap eseye pwononse yon mo, yo pèdi sans sa yo fèk fin li a.

■ Envite yon ekriven vin nan klas la.

Mande yon ekriven vin pale ak klas pitit ou a sou pwosesis ekri a. Jenn timoun toujou panse yo pa entelijan ase si yo pa kapab chita epi ekri yon istwa ki bon nèt depi premye fwa a.

■ Kreve yon liv ansanm.

Pliye plizyè fèy papyè an de epi tache yo pou w fè yon liv. Mande pitit ou ekri kèk fraz sou chak paj epi ajoute pwòp desen li ladan n.

■ Rakonte ti istwa byen rapid.

Youn apre lòt, kontinye ajoute plis enfòmasyon nan yon istwa nou toulede nou envante pandan nou nan yon machin oswa nan yon otobis. Eseye fè istwa ki fè moun ri oswa ki fè moun pè.

■ Ensiste sou relasyon ki genyen ant mo yo.

Eksplike kijan mo ki gen menm kontèks eple menm jan e vle di menm bagay. Montre kijan yon mo tankou *konesans*, pa egzanp, gen menm kontèks ak yon mo tankou *konnen*.

■ Sèvi ak yon lis verifikasyon pou ekri.

Fè pitit ou kreye yon lis verifikasyon ak kèk mo pou li pa bliye, "Èske tout fraz mwen yo kòmanse ak yon majiskil? Wi/Non."

■ Vit, vit.

Sèvi ak nouvo mo pitit ou aprann ki sou kat foto oswa nan aktivite pratik sou konpitè. Gendèlè sa ede timoun rekonèt epi li mo yo otomatikman, sitou mo yo itilize anpil.

www.ColorinColorado.org

Enfòmasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen siksè!





TI KONSÈY | pou paran timoun ki nan twazyèm ane

Li sou sa, pale de sa, epi reflechi sou sa! Jwenn fason pou pitit ou konprann pi byen ni, ki se pi gwo objektif nan aprann li. Ti konsèy ki pi ba yo montre fason trèzenteresan ki va pèmèt ou ede pitit ou byen kontan epi vin gen konfyans nan tèt li lè lap fè lekti. Eseye aplike yon ti konsèy chak semenn. Swiv pou w wè kisa ki mache pi byen pou pitit ou.

■ Bay liv enpòtans.

Fè lekti a tounen yon aktivite espesyal. Mennen pitit ou nan bibliyotèk, ede yo pou yo gen pwòp kat bibliyotèk yo, li ak yo, epi achte liv pou yo kòm kado. Kite yon kote espesyal lakay ou pou mete liv yo, oswa pi bon toujou, mete liv toupatou.

■ Fè yo li yon lòt liv ankò.

Jwenn fason pou ankouraje pitit ou pou l chwazi yon lòt liv. Montre li yon seri tankou *The Boxcar Children* oswa *Harry Potter* oswa a yon dezyèm liv ekri li pito ekri, oswa mande responsab bibliyotèk la pou l ba w kèk lòt sijeson.

■ Louvri diksyonè a.

Kite pitit ou wè wap sèvi ak yon diksyonè. Di "O o, mwen pa fin si kisa mo sa a vle di... mwen panse mwen ta dwe chèche sa li vle di."

■ Pale de sa ou wè ak sa ou fè.

Pale de aktivite de toulejou pou w amelyore konesans esansyèl pitit ou, ki trèzenpòtan nan konpreyansyon nan tandè ak konpreyansyon nan lekti. Kenbe yon ti konvèsasyon san rete, pa egzanp, pandan nap fè manje ansanm, pandan nap vizite yon nouvo kote, oswa apre nou fin swiv yon pwogram nan televizyon ansanm.

■ Premye esè yo se bwouyon.

Ankouraje pitit ou lè lap ekri. Fè l sonje gen plizyè etap nan ekri. Pa gen moun ki ekri sa san fot premye fwa a.

■ Chak moun gen pwòp apwòch pa yo.

Li plizyè kalite liv pou fè pitit ou dekouvri diferan estil ekriti. Gen timoun, sitou ti gason, ki pipito liv ki rakonte iswa ki vre.

■ Aprann pitit ou "ti trik mantal!"

Montre pitit ou kijan pou l fè rezime yon istwa ak detwa fraz oswa kijan pou l prevwa kisa ki pral rive nan istwa a. Toulede estrateji sa yo ede yon timoun aprann epi ede l sonje.

■ "Èske nou rive?"

Itilize tan ke nou pase nan yon machin oswa nan otobis pou nou fè jedemo. Pale de mo *tikè* a, ki se yon bagay ou bezwen pou rantre nan yon sal sinema oswa pou pati nan avyon, epitou, menm mo sa a vle di yon kontravansyon lapolis bay chofè machin. Gen plizyè lòt omonim ki egziste; konbyen ladan yo èske pitit ou kapab jwenn? Lè timoun byen konprann sa yon mo vle di, yo genyen mwens difikilte pou yo li mo sa a.

www.ColorinColorado.org

Enfòmasyon pratik, baze sou rechèch sou kijan pou ede timoun li... epi pou yo gen siksè!

